ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№98 (22.756) • 2014 гъэм накъыгъэм (майм) и 23, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къопсалъэ.

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуа Іуэхугъуэхэр

Накъыгъэм и 21-м Налшык къалэм щыІэ «ГъащІэ жыг» мемориалым и деж щрагъэкІуэкІащ Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуа пэкІу. Абы хэтащ федеральнэ центрым и ЛыкІуэхэр, КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я унафэщІхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм, дин зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэм къыщыпсэлъащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **КІуэкІуэ Юрий**.

Адыгэ лъэпкъым игъэва гугъуехь инхэм, абы кьикІуа гъэзугъэнэ мытынышм тепсэлъыхьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Къызэхуэсахэм удз гъэгъахэр тралъхьащ Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъым.

ПэкІу нэужьым КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий, Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар, хьэщІэхэр щыІащ фэеплъ махуэм теухуа выставкэм. Ахэр яфІэгъэщІэгъуэну еплъащ Тыркум, Сирием, Иорданым щыпсэу адыгэхэм я гъащІэм, зэхэтыкІэм теухуа экспозициэм.

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуа Іуэхугъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэ, район псоми щекІуэкІащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

КІэух зимыІэ гъыбзэ

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ ирикъуащ. Адыгэ лъэпкъым къыхэкІа нэхъыжьхэри щІалэгъуалэри накъыгъэм и 21-м и пщэдджыжьым Налшык щыпсэухуэсащ. Гъуом хъыбарегъащІэ макъыр игъэІуа нэужь, гъущІ гъуэгу вокзалым и деж щызэхуэсахэр Лениным и уэрамым ирикІуащ, Правительствэм и Унэм блэкІри, Урыс-Кавказ зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъ ГъащІэ жыгым екІуэлІэжащ.

ДЭТХЭНЭМИ и бгъэгум хэлът е и Іэблэм ищІат Щыгъуэ махуэм хуагъэхьэзыра, зауэр щыщІидзамрэ щиухамрэ я илъэсхэр (1763-1864) зытетха лентІ удыдэхэр. Гупым япэ итт шухэр, лъэпкъ ныпыр дэуфафэрт жьым, къыхуеджэныгъэ зэхуэмыдэхэр зытетха плакатхэр щхьэщаІэтыкІат. Илъэсищэ зауэм и хъыбарыр къызыхэщ гъыбзэхэр къраГъажьэрти, зыщІэр дежьурт. Накъыгъэм и 21... Лъэпкъым и бынхэм я щхьэхэр зэрахьэлІэр Щыгъуэ махуэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Лъэпкъыр езыгъэфІэкІуэнур мамырыгъэмрэ зэкъуэтынысгъэмрэщ

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуа республикэ пэкІум КІуэкІуэ Юрий къыщипсэлъар

Кавказ зауэр зэриухрэ нобэ илъэси 150-рэ ирокъу. Илъэсхэр блокІ, зы щІэблэм адрейр къыкІэлъокІуэ, ауэ а нэщхьеягъуэ пІалъэм дэ зэпымыуэ дигу кьетэжкІыж тхыдэм и напэкІуэгІ хьэлъхэр икІи а гуэвэгъуэм и щхьэусыгъуэхэм аргуэру зэ дрегъэгупсысыж.

ЦІыху тхыдэм хиубыдэу зауэ куэд щІащ. Ауэ зэрекІуэкІа зэманым и кІыхьагъымкІи, абы хэльа гущІэгъунщагъэмрэ хэкІуэда цІыхухэм я бжыгъэкІи Кавказ зауэр зэбгъэпщэн щымыІэщ. А зауэм и зэранкІэ адыгэ лъэпкъым и нэхъыбапІэр щалъхуа щІынальэр кьагъанэу икІын хуей хуащ икІи дуней псом щикъухьауэ кьэнащ. Зауэм адыгэ лъэпкъым и щІэблэ зыбжанэм я гъащІэр кьикьутащ.

Политикэ щытыкІэм елъытауэ, тхыдэм и лъэхъэнэ зэмылІэужьыгъуэхэм Кавказ зауэр кьыззрагъэлъагъуэр зэтемыхуэу кьекІуэкІащ. Ауэ сыт хуэдэу а Іуэхум тепсэлъыхьу щытами, щэч кьызытумыхьэжьмур зыщ: Кавказ зауэр адыгэ тхыдэм и напэкІуэцІ гуэвэгъуэщ. Нобэ дэ ди щхьэр яхудогъэцхъ зауэ гущІэгъуншэм хэту хэкІуэдахэм, хамэ щІыналъхэм щыпІалъхэм, Кавказ зауэм и гуэвэгъуэм ихьа псоми.

Ауэ сыт хуэдэ гуэвэгъуэрэ гугъуехьрэ кьеуэлІами, адыгэ лъэпкъыр кІуэдыжакъым, гущІэгъэншэ зыхакъым, атІэ и щІэмрэ щІыугъэмрэ хигьахъуэу екІуэкІащ икІи мис абы пащІэ ди лъпкъым щыщу дяпэ ита щІэблэ псоми фІыщІэ яхудощІ.

Кавказ зауэр зэрырихъуакІуэ лъэхъэнэм, империехэр щыізпеуэ зэманым екІуэкІащ икІи а лъэхъэнэм абы и зэрыхьэрийр адыгэ лъэпкъым кьеуэлІащ. А псоми кьадэкІуэу, дыз эпльэкІыжкІэ дэ зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым а зауэм куэдкІэ япэ кьихуэу ди лъэпкъым и кьэкІуэнур Урысейм зэрыпищІар икІи тхыдэ мыхьэнэ зиІэ апхуэдэ лъабакъуэм зэи зэремыщІыжар. Илъэсищэ бжыгъэкІэ адыгэхэр Урысей къаралыгъуэр зэтегъэуэным жьыджэру хэтащ икІи куэдрэ кьагъэлъагъащ «Игъащ Іэкі Э Урысейм дыгуэтынущ» жаІэу ятауэ щыта псалъэм зэрыхуэпэжыр.

Зэманым наІуэу кьигъэлъэгъащ ди адэжьхэм илъэс щитхум нэблагъэ япэкІэ кьыхахауэ щыта гъуэгур зэрыпэжыр. Абы и фІыгъэкІэ ди лъэпкъым и адэжь щІынальэр, езым и зэхащІыкІымрэ дуней тетыкІэмрэ ихъумащ икІи ар нобэ иригушхуэ хьунущ адыгэхэм я мызакъуэу, Урысей псор зыгъэбжьыфІэ усакІуэхэмрэ тхакІуэхэмрэ, музыкантхэмрэ художникхэмрэ, щІэныгъэ лэжьакІуэхэр, спортсменхэр кьызэрыхэкІам.

Хэхауэ кьэгъэлъэгъуапхъащ кьэхъукъащІэ гуэвэгъуэу лъэхъэнэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыІахэр ди лъэпкым и мызакъуэу, Урысейм и лъэпкъ куэдми, абыхэм урыс лъэпкъри яхэту, кьыхуащІ щІэм зэрыхэхьуэр. НэгъуэщІ кьэралхэм ис адыгэ щІалэу, хьыджэбзу минхэр Урысейм и вузхэм щоджэ. Гуманитар, щэнхабзэ зэныщІэнныгъэхэм заубгъу икІи нэхъ быдэ мэхъу. Адыгэ куэдым я адэжь щІынальэм кьагъэзэжауэ псоми ящІыгъуу лъэпкъым и кьэкІуэнум толажьэ. ИкІи, нэхъыщхьэ дыдэр аращи, ди лъэпкъэгъуэхэм я нэхъыбапІэм нэгъэсауэ зэхащІыкІ ди лъэпкъым тэмэму икІи зэкІэлъыкІуэу зиужьын папщІэ ди кьэрал иным ис лъэпкъ псори мамыру икІи щІэ зэхуащІу щытын зэрыхуейр.

Быдэу си фІэщ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым иефІэкІуэныгъэмрэ зыужьныгъэмрэ я лъабжьэу зэкъуэтынигъэр, жылагъуэ зэгурыІуэныгъэр дяпэкІи зэрыщытынур.

БлэкІар къэкІуэнум и щІэгъэкъуэнщ

Лъэпкъыр зэрызэкъуачрэ илъэс 150-рэ щрикъу махуэм, дунейм ехыжахэмрэ Кавказ зауэ бзаджэм зыІэщІилъхьахэмрэ я фэеплъ ГъащІэ жыгым деж цІыху мин бжыгъэхэр щызэхуэсат. ЛІэщІыгъуэрэ ныкъуэкІэ нэпсу щІагъэкІам имыгъэщІыта, щІымахуэу дэкІам имыгъэщта, къэхъукъащІэу ялъэгъуам я1щІимыгъэхуа лъапсэрых гуаузм и щыгъуэ-щІэж пэкІум къуихьэлІахэм лъэпкъыр зы зэрыхъужын, зэрызэкъуэгъажьныгт зи гугъу ящІыр, ауэ икІута из хъуж хабзэ?.. Языныкъуэхэм псалъэншэу гуауэр я псэм щагъэвыжырт. Адыгэм гъыбзэ усын иухакъым, абы и бынхэр иджыри зришлІэжакъым, хамэщІым щыщІалъхьэ адыгэ хьэдэ, хамэ кузщІ къохъукІ ди щІэблэр. Лъэпкъ жыгым и къудамэхэр гуаущІыкІами, зи къуэпсэр быдэ, жыгым къудамэщІэ къыджыжу зэрызиужьыжын къару къыльыкъуэкІащ.

«Ди жьэгу зэхэкІакъым, ди бзэр тІурылъщ, ди цІэр адыгэщ», - къатещырт пэкІум кърихьэлІахэм я нэгум, яхуэзэмыгъэзахуэ гуэрхэр щагъэпщкІужьырт гущІэм...

Уагъэгушхуэрт, псэр ягъэгугъэрт лъэпкъ ныпыр лъагэу зыІэта ныбжьыщІэжэм, адыгэ фащэр екІуу зыщыгъ щІалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ.

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэс и 150-рэ щрикъу махуэм и пэкІум кьрихьэлІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **КІуэкІуэ Юрий**, КЪБР-м и Парламентым, Правительствэм я Унафэщіхэу **Чеченов Ануаррэ Храмов Константинрэ**, ДАХ-м, КъАХ я тхьэмадзэу **Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ Хьэфыщіэ Мухьэмэдрэ**, депутахэр, министрхэр, куейхэм я Іэтащхьэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я тхьэмадзэхэр, нэхъыжь Іумахуэзэр, щІалэ ахъырзэманхэр, пщащэ щІыкІафІэхэр, лъэпкъым гууэ-лыуэ хузиІэ нэгъуэщІ куэди.

(КІэухыр 6-нэ нап.).

Мусуков А. ТІ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьилъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икІи республикэм и экономикэм зегъэужьыным куэд зэрыхищІыхьам папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхьилъыр етын **Мусуков Алий ТІэхьир и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм накъыгъэм и 20-м
№113-УГ

Къущхьэ Р. І. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Экономикэм и Іэнатіэм щиІэ екъуІэныгъэхэм икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и экономист» цІэ лъапІэр фІэщын **Къущхьэ Равидэ Іэдей и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм накъыгъэм и 20-м
№114-УГ

УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщІ ИВАНОВ Сергей:

Полномочнэ лЫкІуэу щІэуэ ягъэувар Кавказ Ищхъэрэм щыІэ щытыкІэм фІыуэ щыгъуазэщ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий хэтащ УФ-м и Президентым и Полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэмрэ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министрымрэ щЫналъэм и унафэщІхэм щрагъэщІыхуа зэІущІэм. УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщі Иванов Сергей абы щыжиІащ: «Меликов Сергей Урысейм и МВД-м Кавказ Ищхъэрэм щыІэ и дзэ гупым и унафэщІу екІуэкІащ икІи округым щыІэ щытыкІэм фІыуэ щыгъуазэщ. Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ зэребэн Іэмалхэм къадэкІуэу оперативнэ щытыкІэмм щыгъуазэщи, апхуэдэ зэфІэкІыр куэд и уасэщ. ДызэригугъэмкІэ, Сергей Алим и къуэм хузэфІэмыкІын щыІэн хуейкъым. Фэри ар куэд щІауэ фоцІыхури, фызэгурыІуэну си гугъэщ».

Меликов Сергей зэІущІэм щыжиІащ къэув къалэнхэр адрей унафэщІхэм ящІыгъуу дигъэкІыну зэримурадыр.

УФ-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщым Хлопонин Александр фІыщІэ хуищІащ полномочнэ лЫкІуэм и къулыкъым тэмэму зэрыщылэжьам папщІэ.

Апхуэдэу Иванов Сергей зэІущІэм хэтахэм яригъэцыхуащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхухэмкіэ и министр Кузнецов Лев.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

● ЩІэныгъэ

ЗэрызэдэлэжьэнумкІэ зэгурыІуэныгъэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий хуэзащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым и ректор Левитскэр Алинэ. Абыхэм Іэ щІадзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм. Абы ипкъ иткІэ университетым игъэхьэзырынущ ди щІыналъэм и экономикэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэр зыхуэныкъуэ Іэщ ІагъэлІэжр.

ЛЕВИТСКАЯ Алинэ зэрыжиІамкІэ, мы зэманым а университетым Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа студенту 750-рэ щІэсщ. Еджапіэ нэхъыщхьэм и унафэщІым къыхигъэщхьэхуКІащ КЪБР-м щыщу щІэныгъэ нэхъыщхьэ зиІэ щІалэгъуалэри аспирантурэмрэ докторантурэмрэ щрагъэджэну зэрыхьэзырыр. Мы вузыр зыхуей псомкІи къызэгъэпэщащ икІи щІэныгъэ нэс щІалэгъуалэм щрагъэгъуэтыфынущ.

КІуэкІуэ Юрий жиІащ ди республикэмрэ университетымрэ зэрращІыпІа зэгурыІуэныгъэр лэжьыгъэ тэмэмым и кьежьапІэ хъуну зэрыщыгугъыр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Къэхъукъащ Іэхэр

Уэлбанэшхуэм зэхикъутахэр зэгъэпэщыжыным топсэлъыхь

КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Шэрэдж, Шэджэм, Псэкэн, Дзэлыкъуэ, Бахъсэн районхэм щыІа уэлбанэшхуэм къихьа зэраныгъэхэр гъэзэкІуэжыным теухуа зэІущІэ.

ИДЖЫПСТУ гугъуехь нэхъыбэ здэщыІэр Балъкъэр Ипщэ кьуажэщ. Уэлбанэм гъуэгур илъэсри, ар адрей жылагъуэхэм яныгъэщхьэхукІауэ кьэнащ. Апхуэдэу Шэджэм Ипщэ, Булынгу кьуажэхэр зэпызыщІэ гъуэгум щыщу метри 150-рэ зэхэкъутащ, электричествэмрэ газымрэ зрикІуэ линэхэм зэраныгъэ ягъуэтащ. Дзэлыкъуэ районым щыхаса гъавэу гектар 1500-м уэрыщыгугъуэжьын щыІэкъым. Апхуэдэу Аруан районым щыпсэухэм ящыщу цІыху мини 3,5-м щІигъу ирафын псы ямыІэу кьэнащ. Хэкіуэда щыІэуи кьыщІэкІынущ. Іэщыхъуэхэм ящыщ зы псым хэхуащ. Зэкіэ ар къагъуэтыжакъым.

Правительствэм и пщэ ираІъхьащ апхуэдэ зэхэкъутэныгъэхэр гъэзэкІуэжьынымкъаруэу щыІэр зэщІигъэІуэну, цІыхухэм ядэІэпыкъуну, гуэвэгъуэ кьыщыхъуа щыпІэхэм инфраструктурэр щыізэтегъэуВэжьынымуниципалитетхэм ящІыгъуу елэжьыну, апхуэдэу псы Іуфэхэр тэмэму щІамыгъэбыдам, псыдзэр абыхэм щІахэмыІыгъам и щхьэусыгъуэхэр зэхигъэкІыну. Іэнатіэ хэхахэм гу лърагъэтащ зэпымыуэ цІыхухэм япыщІауэ щытын зэрыхуейм, кьыкъуэкІ дэтхэнэ гугъуехьри дэгъэкІыным зэрегупупхьэр.

ЩІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ, Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэхэм, нэгъуэщІ ведомствэ зыбжанэм хуагъэувыну республикэм ящрагъэтащ хэщІыныгъэр зыхуэдизыр зэхагъэкІыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

● Дыгъуасэ

Тыркум щыІэну щыгъуэ пэкІум

Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуа щыгъуэ пэкІу ин накъыгъэм и 24-м Тыркум и къалащхьэм щекІуэкІынущ.

КАВКАЗ хасэхэр къызэщІэзыубыдэ КАФФЕД-м мы гъэм къызэригъэпэщ щыгъуэ пэкІум щІыху мин 50-м нэблагъэ къырихьэлІэну хуагъэфащэ. Тыркум и щІыпІэ псоми къикІахэм къищынэмыщІауэ, абы ирихьэлІэнущ Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Шапсыгым я лЫкІуэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэмрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ пщэрылъ щащІауэ я зэІущІэ иным хэтыну дыгъуасэ гъуэгу теуващ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и гъэзэщІакІуэ гупым хэтэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщіэ Мухьэмэд, ди редакцэм политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и редактор, Дунейпсо Адыгэ Хасэм жэуап зыхъ и секретарь Нэщіэпыджэ Замирэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телевиденэм и оператор ХьэцІыкІу Мартин сымэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Тэрч районым хыхьэ Акъбащ Ищхъэрэ къуажэм щыщ Іыхьэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) щыгъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Тэрч районым хыхьэ Акъбащ Ищхъэрэ къуажэм унагъуэ псэущхьэхэм ящыщ зым хъэщхьэрыІуэ уз къызэрыщеуэІам къыхэкІыу, «Ветеринарием и Іэуэкуіэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м и 17-нэ статьям ипкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым 2014 гъэм накъыгъэм и 15-м кьигъэхьа тхыгъэ №МШ-05/1390-м тету, хьэщхьэрыІуэ узым и къежьапІэр гъэкІуэдыжьын мурадкІэ:

1. Тэрч районым хыхьэ Акъбащ Ищхъэрэ къуажэм и Іыхьэу Къалмыкъым, Сталиным, Гагариным, Садовэ уэрамхэм я къэухымкІэ кьриубыдэм мардэ пыухыкІахэр (карантин) махуэ 60 пІалъэкІэ щыгъэувын.

2. Мы Унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щІыналъэм карантиныр зэрагъэува пІалъэм къриубыдэу унагъуэ псэущхьэхэр, абыхэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, кърашыну, апхуэдэу а щІыналъэм унагъуэ псэущхьэхэр щащэну хуиткъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм хуэгъэувын хьэщхьэрыІуэ узым и кьежьапІэр гъэкІуэдыжьын хуэгъэза Іуэхухэр Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм щІыгъуу зэхиІэжу гъэзэщІэну, - жиІащ абы.

4. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щІыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ

КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм накъыгъэм и 19-м
№42-РГ

Псыдзэм и Іэужьхэр

Гуэзвэгъуэ къэмыгъэхъуным, абы и Іэужьхэр зэгъэзэхуэжьнымрэ мафІэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкІэ КъБР-м и Правительствэм и деж щыІэ комиссэм и зэІущІэ дыгъуасэ зэхэтащ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Храмов Константин** зэІущІэм къыщыщыпсалъэм къыхигъэщащ иужьрей тхьэмахуэр тыншу зэрыщымытар. Псыдзэм и зэран дэи республикэм и куей, къуажэ зыбжанэхэм ялъэІэсащ, псом хуэмыдыду Шэджэм, Аруан куейхэм.

- Нобэ ди кьалэн нэхъыщхьэр куейхэмрэ къуажэхэмрэ я щытыкІэр зэдгъэщІэу гуэзвэгъуэ къызыпылъсахэм нэхъ псоныщІэу защІэдгъэхьэуэнырыщ, - жиІащ абы.

Урысейм и МЧС-м и къудамэу КъБР-м щыІэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Аппоев Хьэсэн** къыщхьэусахэр зэрыщигъэгъуэзамкІэ, накъыгъэм и 21-м къэкІуа псыдзэм Шэрэдж куейм хыхьэ Балъкъэр Ипщэ къуажэм телъ гъуэгум и Іыхьэр зэхикъуатащ, къуажэм нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ укъызэрыдыхьэфын гъуэгу иІэкъым. Балъкъэр Ипщэ къуажэм унагъуэу дэсым я Іуэху зытетыр зрагъэлъэгъуати, унагъуэ 83-м я хадзэкІыр псыдзэм ихьащ, ауэ къыхэгъэщыпхьащ ар ухуэныгъэхэм зэран зэрахуэмыхьуар. Аппоевым зэрыжиІамкІэ, къэхъуьхащІэм и Іэужьхэр зэрызэрагъэзэхуэжьын хьарурэ зэфІэкІрэ яІэщ.

Апхуэдэуи Булунгу - Хъущтэсырт зэпызыщІэ гъуэгум щыщу метри 150-рэ трихащ, псы, газ зрикІуэ бжьамийхэр, электрокъару зрикІуэ кІапсэхэр зэпичащ. Іэужьхэр, Іэмал зэриІэкІэ, ІэщіагъэлІэхэм зэрагъэзэхуэжащ, ауэ Булунгу, Эльтибо къуажэхэм иджыри газ, электрокъару ямыІэу къэнащ.

Пэсхэм куейм хыхьэ Хэрздж къуажэм къыщІэуа псыдзэм я гъаварэ ирихащ. Старэ Шэрэдж къуажэ щыщу зи ныбжьыр илъэс 60-м ит цІыхухъуэм, мэлыр псым кьызэприхужрэ пэт, шым къытрихри, псы уэрым ирихьэхащ. Ар иджыри кьагъуэтыжакъым.

ЗэлущІэм унафэ къыщащтащ Шэрэдж, Шэджэм муниципальнэ куейхэм къызэрымыкІуэ щытыкІэ щагъэувыну. КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм къарууэ иІэр гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэжыным хуиунэтІыну, и кьару пэмыльэщыну къилъытэмэ, нэгъуэщІхэри зыдигъэІэпыкъун хуейуэ жаІащ.

КъБР-м и Правительствэм къыбгъэдэкІыу Урысей Федерацэм и Правительствэм гъэзвэгъуэм и Іэужьхэр зэрызэрагъэзэхуэжьыну, мылтыкІэ зыкъыщІагъэкъуэну лъэІу тхылъ хуагъэхьыныр зэгурыІуащ комиссэм хэтхэр.

Уэшхым иджыри къытригъэзэну шынагъуэ зэрыщыІэм кьыхэкІыу Храмов Константин кьызэхуэсахэм яжриІащ нэхъ Іейм хуэхьэзыру щытын зэрыхуейр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Нобэ

ЛъагапІэщІэхэр фи плъапІэу

Хабзэ зэрыхъуащи, къэралым и курыт еджапІэ псоми нобэ къыщеуэнущ нужьрей уэзджьинэр. ШколакІуэ ныбжьым ит дэтхэнэ и дежкІи мыхьэнэ ин иІэщ а Іуэхуэгъуэм: хэти школым яІэ иІэсыр щрихьэкІуэ къыкІэльыкІуэм хуопІащІэ, хэти зи чэзу гъэ еджэгъуэр крихьэлІауэ, гъэмахуэм тохъэ. Псом хуэдэжкъым нужьрей уэзджьинэр курыт школыр къэзыух ныбжьыщІэхэм я дежкІэ. Ар нобэ къахуоуэ республикэм и ныбжьыщІэ 6097-м. Абыхэм я дежкІэ нужьрей уэзджьинэм и зумакъ жьгъырур сабиигъуэмрэ балигъ гъащІэмрэ я гъунапкъэ зэпылъпылъэщ.

ДЭНЭКИ хуэдэу, махуэшхуэр щагъэтлъапІэ ди республикэм и курыт школхэм. НыбжьыщІэхэм ящыщ дэтхэнэрэ хущІокъу къэрал экзаменхэр екъулІэныгъэкІэ ятыну, хуопагъэ я хуэхъопапІэхэм лъэІэсыну, гугъапІэщІэхэр арагъэхъулІэну. НыбжьыщІэхэм я гъуэгу махуэшхуэр яІэт абыхэм я етъэджакІуэхэм, адэ-анэхэм. Ахэр псори щызэхуос ягъэщІэрэщІа, макъамэ дахэхэр кьыщыІуиншол пщІантІэ хуитхэм. 11-нэ классыр кьэзыухъуэм нобэрей махуэр гукъынэжь ящыхъун папщІэ, школакІуэ нэхъыщІэхэми ялъэкІ кьагъэнакъым. Абыхэм школ щІыхьэпІэхэр, гуфІэгъуэ зэІуцІэр щекІуэкІ утхэр уда гъэгъахэмрэ шар зэмыфэгъу гъэпщащхэмкІэ ягъэдэхащ, гуфІэгъуэр нэхъыбэу зыхуэхуэнэтІахэм папщІэ концерт цІыкІухэр, теплъэгъуэ кІэщІхэр ягъэхьэзыращ.

А псори фІыщІэ ящІу, гуфІэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ я гум щызу утыкуэхэм кьохьэ школыр кьэзыухэр, я класс унафэщІхэр я пашэу. Ахэр адрейхэм къахощ я зыхуэпэкІэкІи, я плІэм зэрпуэуэ едзэкІа дарий лентІ щыуэкІэпплыкІэхэмкІи, я нэгум кьищ нэжэгужагъэмкІи. А ныбжьыщІэхэрщ гуфІэгъуэм зыкърезыгъэхъэлІа псоми - егъэджакІуэхэми, адэ-анэхэми, школакІуэ цІыкІухэми, хьэщІэ пъапІэхэми - нобэкІэ я плъапІэр.

ГуфІэгъуэ зэхуэсхэм хэтщ КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я лІыкІуэхэр, кьалэ, къуажэ унафэщІхэр, егъэджэныгъэмкІэ щІыпІэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэр, жылэхэм дэт къулыкъущІапІэхэм я ІэщіагъэлІэхэр. Балигъ гъащІэм хишэ ныбжьыщІэхэм яхуэгъэза хъуэхъу дахэхэр абыхэм щагъэІунуц нобэрей гуфІэгъуэ зэхьэхьхэм.

Иужьрей уэзджьинэр гъуэрпы фхуэхъуну, ныбжьыщІэхэ! ГъащІэм фи увыпІэ щывгъуэтыну, гупсысэ Іуащхэр зи лъабжьэ Іуэху екІуэ зэфІэфхыну, насып мыкІуэщІкІэ, екъулІэныгъэкІэ гъэнщІа гъащІэефхьэкІыну. Гъуэгу махуэ, лъагапІэщІэхэр зи пъапІэ, къэралым и къэкІуэнур зэлъыта зи щІалэгъуэхэу!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● ДифІ догъэлъапІэ

Бзылъхугъэ щыпкъэ

Мы махуэхэм илъэс 80 ирокъу фІыуэ тлъагъу, пщІэшхуэ зыхуэтІщІ ди лэжьэгъу Абыкъуэ Къэралхъан Даду и пхъур. А цІыхубз щыпкъэр нэхъ гъуэнэгъуу къезгъэцІыхуну сыхуейт «Адыгэ псалъэ» газетым еджэзэн. Сэ къызэрыслъытэмкІэ, апхуэдэхэм я дуней тетыкІэрщ иджырей щІэблэм щапхъэ, гъуазэ яхуэщІыпхъэр.

Абыкъуэ Къэралхъан

ЦІЫХУМ утепсэлъыхьынумэ, сытым кьыщыщІэбдзэмэ нэхъ тэмэм? Си гугъэмкІэ, и сабиигъэрщ япэ игъэщыпхъэр. Хэку зауэшхуэр зи нэгу щІэкІа, зи кьэжэпхъыгъуэр абы хиубыда дэтхэнэми хуэдэу, гугъуу екІуэкІащ Къэралхъан и сабиигъэр. Апхуэдэу щытми, сыт хуэдэ лэжьыгъэми зыпыІуимыдзу, жьІэдаІуэу къэхъуащ ар.

Зи ныбжьыр илъэси 10-м ит хъыджэбз цІыкІум фІыуэ къыгурыІуэрт ери фІыри, ильагъурт, зыхищІэрт цІыхуэм ятелъ гугъуехьыр. И сабий акъылымкІи кьыгурыІуэрт гъащІэм щІэтэкъуэн кьыщыпхуэхъун уиЕнныр зэрыфІыгъуэшхуэр икІи ехъуапсэрт зэгурыІуэ-зэдзэІуэжу сыт хуэдэ гугъуехьми пэлъэщыф унагъуэшхуэхэм. Апхуэдэхэм Іуэху зэдащІэу ильэгъуа нэужь, Къэралхъан Іэджэрэ егупсысырт: «Ярэби, сыту пІэрэ сэ шыпхъу цІыкІу е дэлъху цІыкІу ШІэзимыІэр?» - жиІэу. И адэр зэрыщхьэщича гуауэшхуэм и мызакъуэу, анэхъилъху иІэн насыпри ІэщІихат хъыджэбз цІыкІум зауэ гъщІэгъуншэм. Ешэ дыдэу кьэна и анэ ІэхъуэбэЧ Жэнэтхъан и бын закъуэр ипІащ икІи «Щэ уэстъхьи хуэмэрэ щэ я уасэу зы уэстьи» жыхуаІэм хуэдэ цІыху кьищІыкІащ абы.

Адыгэ хабзэ-нэмысым кьыщІэтэджа хъыджэбз Іэдэбыр, и ныбжь нэсри, унагъуэ ихьащ - Абыкъуэхэ яхьихащ. БыныфІи щыхъуащ абы Къэралхъан - сабиибл къахэхъуащ пъэпкъым. Иджыпсту ахэр псори узынщэхэу, я лэжьыгъэхэр дахэу ягъэзащІэу, унагъуэ хъуахэу мэпсэу.

Къэралхъан зэи лэжьыгъэ тынш иІыхьуакъым. ІэфІыкІэ кьыщыщІагъэкІыу Налшык дэта фабрикэм илъэс 20-м щИигъукІэ щылэжьати, зыпэрыт ІэнатІэр нэхъ гугъуэхэм ящыщми, дагъуэ зыхуригъэщІакъым.

Иджыпсту Къэралхъан щылажьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейрщ. Илъэс 20-м къриубыдэу мыбы хьэпшып куэд щилъэгъуащ Абыкъуэм. Ахэр ди тхыдэм я фэеплъу, ди блэкІам и дамыгъэу зэрыщытыр фІыуэ кьыгуроІуэри, яхэмыщІІауэ, я теплъэми я щытыкІэми замыхъуэжу а хьэпшыпхэр къэкІуэну щІэблэхэм яхуэхъумэным и зэфІэкІ ирехьэлІэ.

ЦІыхум хэльын хуей хьэл-щэн дахэ къуэд дыболъагъу Къэралхъан: хабзэ, гущІэгъу, гулъытэ, гуапэ, псапэ... Псом хуэмыдэу цІыхухэм гукъинэ ящыхъур Къэралхъан и Іэгур и Іэнэу кьызэрекІуэкІырц. А цІыхубз гуапэм и ерыскъы цІыхум яІумыхуэу зы махуи дэкІыркъым.

Сэ сщІэркъым абы нэхърэ нэхъ насыпышхуэ цІыхубзым иЕну: и быниблыр хуэузыншэу, абыхэм я щІэблэ дахэм езыр я нанэ Іумахуэу, я гуфІэгъуэ куэд ильагъуу мэпсэу Къэралхъани, Тхъэм иригъэфІакІуэ! Ар ноби къытхэтщ дэтхэнэми къытхуэгумащІэу, и кьалэнэр фІыуэ игъэзащІэуи, цІыхухэм зэрахуэпсэ гуапагъэр, ІэфІыгъэр хуэдэ минкІэ бэгъуауэ кьыхэхъуэжу, узыншэу и унагъуэ дахэм иджыри куэдрэ ящхьэщытыну ди гуапэщ.

БЕКЪАН Жанусэ,
УФ-м щІыхь зиІэ егъэджакІуэ,
Къэбэрдей-Балъкъэр Лъэпкъ музейм и лэжьакІуэ.

Министрым Іуащхьэмахуэ куейр къеплъыхь

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей республикэм и муниципальнэ куейхэм щригъэкІуэкІ лэжьыгъэ зэІущІэхэм пещэ. Накъыгъэм и 20-м ар щыІащ Іуащхьэмахуэ куейм.

РАЙОН администрацэм и Іэтащхьэ Малкаров Асльэн Васильев Сергей щепсальэм кьыхигъэщащ район полицэм и лэжьыгъэм игъэуэта зэхъуэжЕІыныгъэфІхэр икІи ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм куейм щыпсэуэхэм, къакІуэ хьэщІэхэм я шынагъэншагъэр кьызэгъэпэщыным гулъытэ хэха зэрыхуащІым папщІэ фІыщІэ яхуищІащ.

Васильев Сергей ОМВД-м и унафэщІым ветеранхэм ядэлэжьэныкъкІэ и дэлэпыкъуэгъу Хапаев Назирриэ Урысей МВД-м Іуащхьэмахуэ куеймкІэ и къудамэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Эбуев Османрэ ящІыгъуу цІыхуэхэр иригъэблэгъащ.

Я кьалэн ягъэзащІэу хэкІуэда я лэжьакІуэхэм я унагъуэхэми я Іуащ Іащ

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуахым.

Зэман жыжьым и сурэт

Кавказ зауэр зэриухэр илъэси 150-рэ зэрырикъум теухуащ иджыблагъэ Сурэтыщ1 гъуазджэмкIэ музейм къыщыдзэIуахэ «Сэ Кавказыр фIыуэ солъагъу» гъэлъэгъуэныгъэр.

XIX - XX лЭщIыгъуэхэм псэуа сурэтыщ1, Iэщ1эльапщIэ куэдым я Iэдакъэщ1экIхэр щахъумэ зи гугъу тщIы музейм. Абыхэм яхэтщ Кавказ зауэм щыгъуэ урысыдзэм дэщIыгъуу ди щIыпIэхэм щыIа художникхэм щIыналъэр зэралъэгъуар къыщаIуэтэжа я сурэтхэр.

1875 гъэм сурэтыщ1 щIэрыIуэ Лагорио Лев ищIауэ щыта «Кавказский пейзаж» лэжьыгъэр щыбольагъу выставкэм. Хэкур зыбгынэну къызыхуиуха унагъуэр Байков Федор къыщигъэльэгъуащ 1875 гъэм ищIа «На арбе через реку» сурэтым.

Гъэщ1эгъуэм цыдэщ зи лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъарым епхауэ щыта урыс сурэтыщ1 Алехин Митрофан и Iэдакъэщ1экIхэр. Ди щIыпIэри абы щыпсэуээри фIыуэ зыц1ыхуу щыта а художникым, дауи, нэсу къыхуэгъэльэгъуащ бгырысым и шыфэлIыфэ дыдэр, абы хэль хабзэр. «Портрет горца» сурэтыр Алехиным щиIар 1900 гъэхэрт. Iуэхури щызэфIагъэкIыу хъыбарыщIэкIи щызэхъуажэу, щIэрыIуэу Налшык иIар бэзэрырт. Абдеж ц1ыхуэр щызэхыхьэрт-щызэхэкIыжырт. А теплъэгъуэри, адрейхэм мынэхъ мащIэу удихьэхыу, художникым къыщиIуэтащ «Базар в Нальчике» лэжьыгъэм. Сурэтыщ1 гъуазджэмкIэ музейм и гъэтIылъыгъэхэм иджыри зы сурэт Алехиным ейуэ хэльщ. Ар 1912 гъэм ищIа «Горный аул» сурэтырщ.

Графикэ лэжьыгъэхэм ящыщу гъэлъэгъуэныгъэм хэтщ УФ-м и ц1ыхубэ сурэтыщ1 Пащты Герман и Iэдакъэ къыщIэкIахэр. Лермонтов Михаил и «Кавказ поэмэхэм» абы гравюрэ 40 хуищIауэ щытащ, выставкэм щыбольагъу «Измаил-бей» поэмэм Пащтым хуитха сурэт 15-ри.

Кавказым теухуауэ лэжьыгъэфIэхэр зэфIагъэкIат скульпторхэми. 1870 гъэм ди щIыналъэм къытезыгъэзауэ щыта Лансере Евгений Кавказым и лIыхъужьхэм я теплъэ зыбжанэ скульптурэкIэ ищIащ. Абыхэм ящыщ зыщ «Горец с арканом» зи фIэщыгъэр. «Громовый гул» повестымкIэ тц1ыху Лохвицкий Михаил (Аджыкъу-Джэрий) и теплъэр зыщIа адыгэ скульптор цIэрыIуэ БжэIумых Хыд и Iэдакъэщ1экIхэри мыбдежым щыбольагъу. Лъэпкъ гупсысэ зиIэу псэуа Iэщ1агъэлIхэм яхуэзофIэкIар нобэрей щIэблэм дежкIэ щхьэпэщ.

- Мы гъэлъэгъуэныгъэр ди япэ итахэм я фэеплъщ. Ди нэхъыжьыфIхэм къытхуащIар тщыгъупщэнкIэ Iэмал иIэкъым. «Зэманым декIур лIыфIщ», - жиIэгъауэ щытащ Къэзанокъуэ Жэбагъы. Ди Iуэхур дауэ щытами, дэтхэнэми ди къалэнщ ди лъахэр тхъумэу, ди гъащIэр нэхъыфI зэрыхъуным дыхущIэкIуу дыпсэуну», - жиIащ гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуихым КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ Фырэ Руслан.

«Выставкэр теухуащ Кавказ зауэр зэриухэр илъэси 150-рэ зэрырикъум. Дэ фIыуэ дыщыгъуазэщ 1763 - 1864 гъэхэм адыгэр зыхэта гуэвэгъуэхэм. БлэкIар зыщыдмыгъэгъупщэу и пэкIэ дыкIуэтэн хуейщ», - къыхигъэщащ КъБР-м и ц1ыхухэм я хуитыныгъэр хъумэныкIэ и упол-номоченнэ Зумакулов Борис.

ГъэзджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и проректор, профессор Ащхъуэт Бесл1эн жиIащ выставкэр зэман жыжьым и сурэту къызэрыщыхъур, ар нэхъыбэу щIалэгъуалэм яIыгъэн зэрыхуейр.

«Зы лъэпкъ щыIэжым тхыдэ имыIэу. Дэ ди лъэпкым и блэкIар кынгъуэтыжащ, ехъумэ… Зы лъэпкъ щыIэу къыщIэжинкъым зэгуэр гуэвэгъуэ кыгемыпсыхауэ. Адыгэр абыи пхырыкIащ. Иджы къаруэу диIэр зы тщIын хуейщ, ди къэкIуэнур дахэу тхыдэм къыхэнэн щхьэкIэ», - къыхигъэщащ КъБР-м и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм и унафэщ1 Темыркан Геннадий.

КЪАНЩ1АУЭ Мэлэчыпхъу.

ШыкIэпшынэм и макъыр щIэту. *Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зэпымыууэ ди япэ къолъадэ

Урыс-Кавказ зауэжьым адыгэхэр зэрыхэтам и IуэхукIэиIэ гупсысэкIэ къыддэгуэшащ КъБР-м Печатымрэ ц1ыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и лэжьакIуэ, «Гу къабзэхэр» зэгухьэныгъэм и унафэщ1 Къарэ Ратмир.

КАВКАЗ зауэм и тхыдэм сытым урегъэупсысрэ?

- Тхыдэр гъащ1э егъэджакIуэщ. Абы дрегъэгупсыс: сыт къыдэхъулIа, сыт гулыт-тэнщIу къздгъэна? Дерс гуэри кыхьидох, адэкIэ длэжьынури ирыдоубзыху.

Адыгэ лъэпкъыр къэхъуреихьащ илъэсищэ зауэм и IэужьыкIэ. ДэнэкIэ дгъаззэми дыIуоуэж, сыт длажьми абы епха мэхъуж. Ди ужьым иткъым, атIэ зэпымыууэ ди япэ къолъадэ. Къызолъыпэ лъэпкъгъэкIуэдыр кыткIэлъызэрахьауи. Дэ зыдгъэбыдэн хуейщ ди лъэпкъэгъу хэкIуэдахэм я щIыхьым, щ1эблэм папщIэ. Сыт лIыхъужь бжыгъэнщэхэм я псэр зыщIатар? Къабэнэм лIыгъэ къызэхуахыу зауэзэщIыжьын папщIэщ…

- Зауэм зэрыхэта щIыкIэм тепщIыхьмэ, адыгэ лъэпкъым сытхэр и шыфэлIыфэ?

- Къалмыкъ Юрэ теухуа «Адыгский Прометей» тхылъым сыкъыщIеджащ лIы Iущым Кавказ зауэм теухуауэ иIэгупсысэхэм. Абы къызэрилъытэмкIэ, зауэм апхэдиз ц1ыху гъащIэ щIыздихьар, гуузэ дыдэуи щIиухар дызэрыIыгъэжьыми аращ - а зэманми иджыпстуи адыгэр зэкъуэтхъым. Сэри сыакъылэгъущ абыкIэ, хьэл мыгъуэр лъэпкъым зэран къытхуохьу. Ар Кавказ зауэр насыпыншагъэкIэ щIиухам и зы щхьэусыгъуэщ: уэзрымыIыгъмэ, уэзмычэнджэщмэ, дэтхэнэми езым и унафэр иукъуэдиймэ, аращ уи щхьэ кърикIуэр. Ауэ щыхъукIи, кудрэ заIыигъащ адыгэхэм. ЛIыгъэ яхэлът, щхьэмыгъазэхэт, ерыщхэт. Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэшхуэм къыпкъырыкIыу къыщIэкIынут абы я зыIыпIэкIэр. Зауэр кIыхьлIыхь щIэхъуам нэгъуэщ1 щхьэусыгъуи иIэщ: дэ къыдэзэуар кудэ хъурт, Урысеймии, Инджылызми, Тыркуми дыкъавыухьат. СрихьэлIащ Урыс-Кавказ зауэр и щхьэусыгъуэу адыгэхэмрэ урыс-хэмрэ я зэхуаку зэныкъуэкъу къыддэхьауэу. Нык1уэкъуэныр щIагъуэу къэслъытэркъым. Иджырей урыс лъэпкъыр бгъэжьаншэ хъунукъым пащтыхьыгъуэм и гущIэгъунчлэгъэмкIэ. Къищынэмыщ1ауэ, а зауэм зи Iуэху хэзылъхьар урысхэм я закъуэкъым. Дэ3зэшэхэм яхэтащ нэгъуэщ1 лъэпкъхэм къаухкIаи, псалъэм и ихэтыркIэ, гущIэгъунщагъэ-икIагъэхэр зылэжьа генерал Засс нэмыц1эт. Ауэ щыхъукIи, зауэр зыхуэдар къызыгурымыIуи урохьэлIэ, «ЛъэпкъгъэкIуэд къыващIылIакъым», «Ди щхьэм кырикIуар фхуэфащ1э», - жызыIэхэр.

Сыт хуэдэ Iуэху ирехъуи, унафэщ1 лъэщуиIэн хуэдэ щыIэкъым. Абыи лъэпкъым и хьэлыр лъэныкъуэ куэдкIэ епсыхь. Сыт щыгъуи щапхъэу къызохь сэ Къалмыкъ Юрэ. Ар Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыщытам, екIуу унафи хуэщIырт, лъэпкъри игъэгушхуэфырт.

- Илъэсищ зауэм и тхыдэр щIэблэм дауэ я ябгъэдалъхьэн хуейуэ къэплъытэрэ?

- Урыс-Кавказ зауэм и тхыдэр апхэдизкIэ гукъэутащи, абы теухуа тхыгъэ кыыщIэджакIэ ц1ыхухэу балигъым и нэпсыр зэтриубыдэфыркъым. Зи акъылыр мытIыса школакIуэм екьэкI-къехьэкI хэмылъу лъэпкъым къыкIэлъызэрахьа гуIэгъэгу бгъэдэплъхьэмэ, ар гуитIщхьитI мыхъуну пIэрэ, жысIэу согупсыс. Апхэдэ дыдэу кууэу школым щумыгъэджмэ нэхъыфI си гугъэщ, дерсыр нэгъэсауэ кыыхуэмыщтэмэ, лъагъумыхъуныгъэ шынагъуэ и гум къыщIышынри зыхэлIуа щыIэкъым.

Къапщтэмэ, илъэсищ зауэм и тхыдэм теухуа дэфтэрхэм, щIэныгъэ лэжьыгъэхэм нэхърэ, художественнэ тхыгъэхэр нэхъ зыхьбощIэ, игъащIэкIи гум щымыжьыхьын гупсыси къыхьбохьф. Ар бгъэвыну мытынш пэтми.

- Узиунафэщ1 зэгухьэныгъэм Щыгъуэ махуэм сытхэр зэфIигъэкIа?

- Илъэс къэс накъыгъэм и 21-м ирихьэлIэу «Гу къабзэхэр» зэгухьэныгъэм псапащIэ Iуэхухэр ирегъэкIуэкI. Хабзэ тхуэхъуауэ сэдэкъэ дощ1 а махуэм, зауэм хэкIуэдахэм я псэм Алыхьым лъигъэс. Нэгъабэ Сирием къикIыжа адыгэхэм я сабийхэр зэхуэтшэсри, Iэнэ яхуэдгъэуващ. Иджыри IуэхугъуэфIхэр длэжьащ.

Епсэлъар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

ЩIэблэм ящыгъупщэркъым

Дунейм адыгэу тет псоми мы махуэхэм ягу къагъэкIыж Кавказ зауэм хэкIуэдахэр, ди лъэпкъым абы къыхуихьа бэлыхь куэдыр. Республикэм и еджапIэхэм, гъэсапIэхэм къыщыдэгъэпэщ а махуэм теухуа зэхьихьэхэр, пэкIуэгъ. Апхуэдизкъым ящыщщ Нартк1алэ дэт курыт школ №2-м иджыблагъэ щекIуэкIа зэIуэщIэр.

АДЫГЭ тхыдэм и напэкIуэц1 нэхъ хьэлъэ дыдэхэм ятеухуа дерс зэIуха купщIафIэ ирагъэкIуэкIащ тхыдэмрэ обществознаниемрэ а школым щезыгъэджэжу **Мамхэгъ Маргаритэ Тэрчокъуэ Заирэрэ**. Iэхуущ1апIэм и унафэщ1 **Шыбзыхьуэ Инн э**, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэу **Къардэн Хуэмей**, **Нэхьмэт Анжелэ**, класс нэхъыжьхэм щIэс ныбжьыщ1эхэр къызрихьэлIа фэеплъ зэIуущIэм къагъэбгъэгъащ Тыркум къиIэпхъукIыжу адэжь щIынальэр псэупIэ зыщIыжа ди лъэпкъэгъу **Абазэ Ибрэхьим**, **Хъуажь Фахъри**, Адыгейм щылажьэ Адыгэ Хасэм хэт **Бидзнокъуэ Нихьэт**, хамэ къэралхэм къикIыжу ди республикэм къэIэпхъуэжа ди лъахэгъуэхэм защIэзыгъакIуэ бзылъхугъэ зэкуп1э **Къэнэмгъуэт Иринэ** сымэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым и Iэщ1агъэлIхэр, хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр.

Зэ1уущIэр къызэIуихащ Мамхэгъ Маргаритэ. Зэхуэсым и хьэщIэ лъапIэхэр къызэхуэсахэм яригъэщIыхуа нэжь, ар кIэщIу щытепсэльыхьащ Урыс-Кавказ зауэмрэ абы ди лъэпкъым къыкуихьа насыпыншагъэмрэ. «Адыгэ лъэпкъым и гимным» псори щыту едэIуа нэужь, егъэджакIуэм и псалъэм адэкIэ пащащ школым и класс нэхъыжьхэм щеджэ ныбжьыщ1эхэм. Дерсым кIрихьэлIахэм гунэс ящыхьуащ адыгэ усакIуэ ц1эрыIуэ Бемырзэ Мухьэдин и къалэмыпэм къыпыкIа «Мейкъуапэ щыщIэдзауэ...» усэм еджакIуэ Бицу Фаинэ къызэрыщеджар.

«Мейкъуапэ щыщIэдзауэ
Адлер нэсу,
Хы Iуфэ Iэгъуэблагъэхэри хьихьэу,
Адыгэ жыгхэм щодащ я мэзыр,
Адыгэ фIэщыгъэц1эхэр зэрахьэр:
Ц1эмэз, Т1уапсэ, Псыжь,
Анапэ, Сочэ,
Шэпсы, Щхьэгущэ, Псыбэ,
Дагъуэмыс...
Къытезгъэзэжу сэ а ц1эхэм соджэр
Адыгэ тхьидэм сфIэщ1у сыкIэрыс.
Икли атщIонд3хункIэ, си хэку дахэ,
Къысфlощ1ыр псы шыугъэр
къызыпыж
Хы фIыщ1э нэпкъ щIэхахэм кхъухь
къутахуэу
Хьуэй нэужьым укъыщысщыпыж...»

Ахэр тепсэльыхьащ лъэпкъ тхыдэм и хьэлIахэм я щыщ1ыхьащ. Ди щIыналъэм и къалэ щIыналъэ Iыхьэхэу Урыс-Кавказ зауэм епхахэм, ягъэлъэгъуащ теплъэгъуэ зэмыл1эужьыгъуэхэр, къеджащ хэкум теухуа усэхэм, ягъэзэщIащ адыгэ уэрэдыжьхэр. Дерсым жыдэжру хэтащ 8-10-нэ классхэм щIэс ныбжьыщ1эхэу К1уащ Аминэ, Сэбаншы Мадинэ, Мер Светланэ, Щад Миланэ, Хъэсанэ Амирэт, Битlэхъу Аминэ, Атэлыкъ Алим, Тхьэгъэлэдж Артур, Безыр Дианэ, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу зэхуэсым кърихьэлIахэр ирагъэплъащ «Шэрджэсхэр», «Адыгэхэр», ди лъэпкъым теухуа нэгъуэщ1 фильмхэм щыщ пычыгъуэхэм.

Зэ1уущIэм и кIэухыу псалъэ ираташ абы къырихьэлIа хьэщIэ лъапIэхэм. Абыхэм я гуапэ хъуащ лъэпкъ тхыдэм, фэеплъ махуэм теухуа щIэныгъэ куу ныбжьыщ1эхэм зэрабгъэдэлъыр икIи апхуэдэ зэхуэс гукъинэж къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ ин хуащIащ я щхьэми зи лIыкIуэ Iэнатlэхэми къабгъэдэкIыу. Бемырзэ Мухьэдин и усэхэм ящыщ зымкIэ зэхуащIыжащ дерсыр:

Адыгэ лъэпкъым и Iэпкълъэпкъ
пщыкIутI,
Адыгэ анэм и зэш бын гъуэгуанэ,
Фэ адэжь хэкум вагъуэу
фыщ1ылыд,
Фыкъэзылъагъуэкр
къывэхъуапсэу зэкIэ.
* * *
Адыгэ лъэпкъым и лIакъуэ
пщыкIутI,
Iэпкълъэпкъыу ц1ыхум фэ
фхуэдизщи иIэр,
Зыгуэр фыхэщIу и гур ивмыуэ
Фи псэуныгъэр гурыфIыгъуэу
зиIэм.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Мамхэгъ Тажудин, Къэнэмгъуэт Иринэ, Къардэн Хуэмей, Мамхэгъ Маргаритэ, Бидзнокъуэ Нихьэт, Нэхьмэт Анжелэ, Хъуажь Фахъри, Тэрчокъуэ Заирэ сымэ.

Шапсыгъ щIыналъэм адыгэ бэракъыр щаIэт.

Дигу илъщ...

А махуэм псоми яунэтI ШахэкIеишхуэкIэ. Илъэс 15 хъууэ къуажэдэсхэмрэ Шахе псыежэхым и Iэгъуэблагъэм щыIэ къуажэхэмра - Ахинтамэ, ШахэкIей Цыкlу, Головинка - щыпсэуэхэр абы щызэзэхуэс, Кавказ зым щекIуэкIа зауэ нэхъ кIыхь дыдэр щихъ махуэм ирашIылIэ дауэдащ1эхэм хэтын папщIэ.

НЭХЪ ипэIуэкIэ, накъыгъэм и 18-м, Нэджыгъуэ къуажэм «Щыгъуэ махуэмрэ адыгэхэм я къэкIуэнумрэ» фIэщыгъэц1э зиIэ зэIуущIэ щрагъэкIуэкIащ. Абы хэтащ Сочэ, Т1уапсэ и къалэхэм, «Адыгэ Хасэхэм», щIапIэ самоуправленэхэм я лIыкIуэхэр, дин лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри. Ахэр зытепсэльыхьар блэкIам и напэкIуэц1 гуузхэм я закъуэкъым, атIэ нобэрей гъащIэм и Iуэху зэIумыбзэхэми - бзэмрэ хабзэбзыпхъэмрэ хъумэным, псэуным гугъуехьу пыщIахэм я гугъу ящIащ. Накъыгъэм и 19-м ШахэкIеишхуэ дэт курыт екьэпIэм фэеплъ дерс щекIуэкIащ. Абы къыщапщытэжащ Шахе псыхъуэм и тхыдэм теухуауэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэм кърикIуахэр.

Накъыгъэм и 21-м къуажэм хьэщIэ и куэдащ. Кавказ зауэм зи псэ щызыта я адэжьхэм хуэщIыгъуэну къэкIуащ Москва, Краснодар къалэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Абхъазым къикIа адыгэ щIалэгъуалэр. Фэеплъ пэкIум хэтахэм я псалъэм кIыхь зрагъэщIакъым, псалъэнэщ1у гурыIуэгъуэт блэкIар зыщыбгъэгъупщэ зэрымыхъунур, къэкIуэнуми зэрегупсысыпхъэр. Ди нобэмрэ пщ1эдеймрэ телэжьэн зэрыхуейм, я адэжьхэм я щIыхьым хуэфащ1эу щытын папщIэ яхэлъпхъэ хьэлщэнхэм, къэралым мамырыгъэр щахъумэн щхьэкIэ, ящIапхъэхэм теухуауэ нэхъыжьхэм ныбжьыщIэхэр яущиящ.

Накъыгъэм и 21-м ШахэкIеишхуэ щекIуэкIа Щыгъуэ пэкIум хэтахэм яунэтIащ Головинкэ къуажэм. Къуажэдэсхэм лъапIэныгъэу къалъытэ илъэс куэд зи ныбжь тюлыпан жыгым деж, нужькIэ тенджыз Iуфэм Тхъэщелъэ Iуурэ удз гъэгъахэр щагъэтIылъныр. Абдежым нэхъыжьхэри, щIалэгъуалэри, сабийхэри дакъикъкIэ щыщыгъуащ. Дэтхэнэми иIэт щыму зэгупсысын.

Иужьу зэIущIэ щекIуэкIар ШахэкIеишхуэ хьихь Мыгуфхьбгэрщ. Лъэпкъым и Къэщ1эрэщIэжьныгъэм и дамыгъэу къалытэ Мыгу лъэпкъым я фэеплъ мывэм траль хьащ удз гъэгъахэр.

НЫБЭ Анзор.

Зыри гум ихуакъым.

Блэкlар къэкlуэнум и щlэгъэкъуэнщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

ЗЭРЫДУНЕЙУЭ ЗЫ ДАКЪИКЪЭКIЭ ФЫЩЫ

Истамбылакlуэм и гъыбзэр зэхэпх къудейуэ къыщыIу пэкlур къыззlуахьын ипэ къихуэу, щыгъуэ фащэкlэ хэуэпа щlалэжмрэ хъыджэбзэмрэ нэхъыжь зыбжанэ ящlыгъуу, Гъащlэ жыгым удз гъэгъахэр тралъхьэри фэеплъым Iэ далъащ.

Пэкlур къызэIуихащ икIи иригъэкlуэкlащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщlым и къуэдзэ **Фырэ Руслан**.

- Дунейм адыгэу тетым нобэ я щыгъуэ махуэщ, адэжь хэкум папщlэ зи псэр зытахэм, зауэм хэкlуэдахэм ди щхьэр яхудогъэлъэхъшэ, - жиlащ Фырэм.

Сыхьэт 12-м дунейм адыгэу тетыр Кавказ зауэм хэкlуэдахэм зы дакъикъэкlэ яхуэщыгъуащ.

Хэкуми хамэщlми щыкlуэда ди лъэпкъэгъуэхэм я цlэкlэ дыуэ яригъэщlащ КъБР-м и муслъымэнхэм я Iэухущlапlэм и унафэщl **Дзасэжь Хьэзрэталий**.

- Ди лъэпкъым ильэгъуа гуауэм хэдэ зы лъэпкъми и щхьэ иримыкlуэну, апхуэдэ хэщlыныгъэ зы щхьэусыгъуэкlи имыгъэзытыну, къэкlуэну щlэблэр гузэвэгъуэм щихьэмэну солъаIуэ, - жиlащ Дзасэжьым и псалъэхэм я кIэухыу.

Адэкlэ пэкlум къыщыпсэлъащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

- Пльыгъажшхуэ щекlуэкlа Кавказ зауэр зэриухра, абы пэлэщlэ дыззрыхъурэ илъэси 150-рэ дэкlащ. Зауэ псоми хэдэу, абы лажь зимыIэ куэд хэкIуэдащ, ар лъэпкъым дежкlэ хэщlыныгъэшхуэт. Зауэм лъэпкъым и зыужьныгъэр къызэтригъэувыIащ. Пэжщ, блэкlар пхуэгъэзэкlуэжинукъым, ауэ, ильэс дапщэ дэкlами, лъэпкъым гуауэр щыгъупщэнукъым, абы ищэчар ищlэжьнущ. Абы ди къэралми лъэпкъми дерс щхьэпэ къыкихьн хуейуэ къызэпльытэ. Дуней псом щикъуэха адыгэхэм лъэпкъыщхьэр яхуэмэн, зыхэсым яхэмышэпсыхьыжьн, фIыкlэ я цlэр ягъэIун яхузэфIэкlащ, я бзэр, хабзэр яхьумащ. Нобэкlи ахэр гъащlэм жьыджэру хэтщ, зэфIэкI къагъэлъагъуэ, - жиlащ Сэхъурокъуэм.

«Дэнэ къэралри щыгъуэ адэкъэ, ди блэкlар зыщ, ди къэкlуэнри зыуэ щрет!» - къыпещэ Сэхъурокъуэм и псалъэхэм. - Ди жагъуэ зэрыхъунщи, XXI лIэщlыгъуэми къэрал, лъэпкъ куэдым гузэвэгъуэ къатопсыхэ, цIыхухэр хокlуадэ. Гузэвэгъуэшхуэ къыщыхъуа Сирием щыIэ ди лъэпкъэгъуэхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуа къэрал унафэщlхэм фIыщlэ яхудощI. Ахэр Кавказ Ищхьэрэм ит республикэхэм щыпсэуну къэрегъэблэгъэж. Пэжщ, Iуэхум гугъуэсыгъу куэд хэлъщ, ауэ дызэкъуэтмэ - дыльэщщ, лъэщым и лъэр псынщlэу щIокI.

Кавказ зауэр ди лъэпкъым нобэми къоуэ, ауэ абы къикIыркъым къэкlуэнум ди щIыбагъ хэдгъэзэн хуейуэ. Ди къэкlуэнум папщlэ дэтхэнэ пльэбакъуэми егупсысауэ ипкlэ дыззрыкlуэтэным яужь дитыпхъащ. Ди нэхъыжьыфIхэм жаIорейт: «ФIым къимышэ Iейм кIишэркъым». Блэкlар къэкlуэнум и щlэгъэкъуэнщ. ДАХ-м къищта унафэм ипкъ иткlэ, фокIадэ мазэм адыгэу дунейм тетым я махуэ илъэс къэс дгъэлъэпIэнущ. Дунейм лъэпкъыу тетым хуэдэу, адыгэхэми я махуэ яIэнущ.

Уафэр мамыру, ипкlэ дыплъхьэу, ди щlэблэр губгъэгъэу, зэманым дыдекIуэ, тлъэгъуар тщымыгъупщэу дуней мамырым тетын лъэпкъ узынщэ Тхьэм дищI! - жиlащ и псалъэхэм я кIэухыу Сэхъурокъуэм.

Адэкlэ зэIущlэм кърихьэлхэм адыгэхэм я фэеплъ Гъащlэ жыгым удз гъэгъахэр тралъхьащ, уеблэмэ пэкlум хэт сабийхэм IофIыкlэ яхуэзыгъуэри машlэжьым.

ДОГЪРИ, ДОУКIЫТЭ, ДЫМЫГЪЩИ, ДЫЗЭГУОУД

Бищlо Хьэрэбий *Малкэ (Ашэбей) щыщщ:*

- Лъэпкъым щхьэзыпхъ зыхуэзыщlа нэхъыжьхэр тщымыгъупщэмэ, абы яхэтщlэжьыфIыну псор яхэтщlэжащ. Лъэпкъыр машlэ дыззрыхъуар дигу къоуэ, ауэ, дэ, нэхъыщlэхэм, ди къалэнщ лъэпкъым зедгъэужьыну, дгъэбгъэуну, и щlэр фIыщlэр, абы и IофIыпIэр къыззыгуфIыгъэр сфIэгупсыхь мэжьу, тхыдэр умыщlэмэ, хъыбарыжьхэм ущымыгъуазэмэ, а псоми уапэIэщlэнущ. Балигъ хъуауэ, нэхъыжьу зыкъзэзылъытэж дэтхэнэми и къалэныр игъэзэщlэну, къыщlэхъуэ щlэблэр хэкупсэу игъэсэну, хабзэ хэлъу къигъэтэджыну лъэIыкlэ захуэзоГъаэз. Адыгагъэ жыхуаIэжьыр араща.

Къумыкъу Хьэутий *(Налшык къалэ):*

- Нобэ лъэпкъым и щхьэр щрихьэх Щыгъуэ махуэщ, я адэжьхэм ягъэва гуэзвэгъуэр ягу къыщагъэкlыж махуэ гуузщ. Зы ильэс къэмынэу мы Iуэхум зыкърызогъэхьэлIэри, зы гъэм нэхърэ адрейм лъэпкъым и быным я зэхэщlыкlыр зэрыбагъуэм гу лъызотэ. Лъэпкъым зыкъеещlэж, ухуейуэрамэ, къоущlэрэщlэж. Дунейм тепхъа хъуа си лъэпкъэгъуэр зэхуэсыжауэ, зы унафэм щIэту, Iуэху зэдащlэу Тхьэм диГьэлъагъу!

БешкIур Тэлэт, *ильэс 24-рэ ипэ Сирием къикIыжауэ хэкум щопсэу:*

- Ильэс 23-рэ хъуауэ Щыгъуэ махуэм теухуа пэкlум сыкъокlуалIэри, си лъэпкъым и гуауэр дызогъэв. Хуабжьу си гуапэ мэхъу ди щlалэгъуалэм я гупэр лъэпкъымкlэ къагъэзэжауэ щысльагъукlэ. Сэ къыззрысльытэмкlэ, лъэпкъым щыщ дэтхэнэми абы и тхьэдэр, къызыхэкlар ишlэн хуейц, арыншамэ, хамэм зэрыхуейуэ иIэнтIэнущ. Си щхьэкlэ си бзэри, хабзэри, лъэпкъри, тхьдэри фIыуэ солъагъу, икIи дяпэкlэ зыужьныгъэшхуэ зэрыдгъэтынур быдэу си фIэщ мэхъу.

Зи лъэпкъыр фIыуэ зыльагъу ныбжыщlэхэм щIэныгъэ зриГьэгъэтынкъым къыхуезджэну сыхуейт. Хамэм ди пщlэр къыIэтынукъым, ар къыдгурыIуэу лъэпкъыр дызэкъуэту дыпсэун хуейщ.

Накуэ Борис *(Нэртан къуажэ):*

- Псэр щыгъуэми, нитIыр мэгуфIэ щlалэгъуалэм сахэплъа иужь, ахэр къззыша нэхъыжьхэм сахуэарэзыщ. Блэкlам пщlэ хуэзыщlым, и къакIуэнури дахэщ. Ильэс 72-рэ сохъури, ди лъэпкъым хуэдэ хабзэ, шы1энагъэ ин зыхэлъ, гъэсэныгъэ дахэ зиIэ иджыри къэс срихьэлIакъым. Лъэпкъыми къэралми дыщlэщыгъуэн дымыльагъуу, тлъэгъуар тщымыгъупщэу Тхьэм дигьэпсэу! Лажьэншэу Кавказ зауэм зыIэщlилъха ди адажьхэм я ахърэтыр нэху хъуну Алыхьым жиIэ! ФIы зыхуэмыщlэм Iей игу къэмыкIыу, дызэрыадыгэр, ди япэ ита щlалэ ахъырэзманхэм, дэр папщlэ зи псэр зытахэм я гущlэр дымыгъэлъэпIэжьу, ди щlэблэр абы хуэфащэу, гъатхэм и бзэкlэ гъащlэр къыдэпсалъэу лъэпкъыр дыпсэуну сыхуейт.

Додуев Аскэр - *«Минги-Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ:*

- Зауэ псори гуауэщ, ауэ зауэу щыIам я нэхъ хьэлъэт ди къуэш адыгэхэм я щхьэ кърикIуэр. Лъэпкъыр езыгъэтIысэха зауэм и хъыбар жжьэ Iуащ. Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ зэрыщlэу, зым и узыр адрейм зыхищlэу къызэрызэдекIуэкlам и щыхьэтщ Кавказ зауэм теухуа гъыбзэкэр дызэриГэр. Уи нэпс къемыкIуэу уедэIуэфырыкъым ахэм. Ди зэхуэдэ гуауэщ ар, ди къуэшхэм дэри дадощыгъуэ.

Шэрыпижь Асльэн - *тхакIуэ:*

- Накъыгъэм и 21-р адыгэу зыкъэзылъытэж дэтхэнэми ищlэжьын хуей махуэщ. Щыгъуэ-щlэж пэкlум дыкъызэрекIуэлIам къикIыркъым гужьгъэжь ди гум илъу. Мыр узыгъэгупсысэн, дерс къызыхэпхын хуей Iуэхущ. Дяпэкlэ апхуэдэ къэмыгъэхъуным, лъыгъажьэм щlэблэр пlэкlэ зэрытщlыным яужь дитын хуейуэ аращ. Къэхъуам зыри пхуещlэжьынукъым, къэкIуэнуращ ди Iэмышlэ илъри, лъэпкъым къэкIуэну бзыгъэ иIэным къару нэхъыбэ трагъэкIуэдэну зауэзгъэзэну сыхуейт.

Жамбэч Рабия - *тхакIуэ, егъэджакIуэ:*

- Лъэпкъым и Щыгъуэ махуэм адыгэу дунейм тетыр зэкъуегъэувэ, зыщlегъэгупсысыж. Ди лъэпкъым и щхьэ кърикIуа гуауэр тщымыгъупщэнкlэ Iэмал иIэкъым. Сэ щвэгъаджэ школым ильэс къэс мы махуэм ирихьэлIэу дерс зэмылIэужьыгъуэхэр, дауэдапщэхэр щыдогъэкIуэкI, уеблэмэ мы пэкlум хэтыну Налшык какIуэ ныбжьыщlэхэри мащlэкъым. Зи щхьэ пщlэ хуэзыщlыж дэтхэнэми и блэкlар ищlэн, къэкIуэнум гуэгу иритын хуейщ.

Нэужьокъуэ Руслан *(Налшык къалэ):*

- Къоджэм уигъэжейркъым, - жаIэ, си гум къысхуидакъым сыкъэмыкIуэн. Мы махуэм фIэкlа дигу щlыхэщlын дымыльагъуу ди лъэпкъыр псэуну сыхуейщ. Хэкум икIахэмрэ къинахэмрэ ягъэкъуаншэу псалъэмакъ гуэрхэр зэхьэзохри, жысIэнт ар зэрылейр. Блэкlам апхуэдэу тыншу убгъэдыхьэ хъунукъым.

«Блэнэ щалъу мэкIуэж», Тхьэм жиIэмэ, дунейм адыгэ тетыр зы щыхъужьи зэман къэкъуну сыщогуть.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэрэ**
Гунжафlэ Мухьэмэдрэ *трахащ.*

Мэгъагъэ ди хэкур дэ, тобэ

Къреплъэ ди адэхэр нобэ - Мэгъагъэ ди Хэкур дэ, тобэ. ПсэхупIэхэр ягъуэтыжауэ, Уафэгъу къытхуагъэнэху.

Мы псалъэхэри итхыу ар уэрэдуи зыусыжа Хьэхъупащlэ Амырхъан и макъыр къыщlыIум адыгэр и блэкIам щIигъэгупсысыжри, ди нобэрей гъащlэ мамырыр къытхуэзыхьа нэхъыжьыфIхэр дэтхэнэми «и нэгу къыщIигъэхьэжащ».

УАФЭР гъуагъуэрэ уэшхыр къежэхыу - дунейм зыкъыдищI хуэдэт адыгэм и Щыгъуэ махуэхэм. Абыи емылъытауэ, Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж накъыгъэм и 20-м зыкърезыгъэхьэлIа цIыху мымащIэм зырызыххэу фIыщIэ яхуэпщI хъунущ. Хэти гупсэхуу, хэти нэщхъейуэ, языныкъуэри лъэпкъым къытепсыхам и бампIэм ихьу щIэдэIуащ зэманыжьым и тхыдэ гуузхэр, лъэпкъым и лIыхъужьыгъэр зи лъабжьэ адыгэ уэрэдыжьхэм.

«Мухьэжырхэм я уэрэдыр» утыку къизыхьа Ташло Алий, «Чэлам и гъыбзэр» жызыIа Щомахуэ Хьэсэнбий, «Шэджэмокъуэ Хьэсанш и гъыбзэ», «Сэнджэлей» уэрэдхэр БатIитI Мухьэмэд я пашэу зыгъэIуа «Кавказ» ансамблыр - языхэми цIыхум и гущIэм лъэIэсу я къалэныр ягъэзэщIащ.

Адыгэ лъахэм куэдыщэ зэригъэвар, тенджыз фIыцIэ гъуэгур лъэпкъ уардэм псэзэпылъхьэпIэ зэрыхуэхъуар, кавказ къуршыжьхэр куэдым зэрабгынар къыхэщу Бекъуал Асльэн («Истамбылакlуэ», «Си Къэбэрдей» уэрэдхэр жиIащ), Къагъырмэс ФатIимэ («Ахын» уэсм къеджащ) Шэрий Ислъам («Кавказ пащтыхьхэм я гъыбзэ»), Мулай Алихьан («Лабэдэсхэм я гъыбзэ», «Пщыкъан дэгужь»), Iэпыч Iэлиуас («Къуцхьэ Жамбот») сымэ, нэгъуэщIхэми ягъэзэщIам уигъэнэщхъейт.

«Илъэси 150-рэ и пэкIэ дунейм ехыжа, Кавказ зауэщхуэм хэкIуэда ди лъэпкъэгъухэм я псэр ди гъусэу Тхьэм къыщIигъэкI. Ди ягъэ итахэр я Хэкум хуэпэжу, гуапагъэрэ лъагъуныгъэкIэ абы бгъэдэту зэрыщытам нэхъри гушхуэныгъэ къытхилъхьэу абыхэм яхуэфащэн щIэбIэ дахуэхъуну тхуэфащэщ. Дунейр нобэ къыддогъ. Уэлбанэр къызэмыхьэлъэкIыу ди нэхъыжьыфIхэм я фэеплъым пщIэ хуэзыщIыну къызэхуэсахэм фIыщIэшхуэ яхузощI», - жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

Адыгагъэ, цIыхугъэ, Хэку лъагъуныгъэ зи гум из IэпщIэлъапщlэ ГъукIэпщокъуэ Щауэмир Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж, уэшхыр къежэхми, абджьыпсы пшахьэкlэ трищIых сурэтхэр щигъэлъэгъуащ. ЦIыхуухэр зэщlэувыIыкIри, зыщIэдымауэ еплъащ я Хэкум пасэм иIа псэукIэ дахэмрэ нужьыкlэ пшэ фIыцIэр лъэпкъым къытекIуатэу илъэси 100-м щIигъукIэ зэрыщlэщlымыкIамрэ Щауэмир къызэригъэлъагъуэм...

«Мы дунейм лъэпкъ куэд теткъым апхуэдэ уасэшхуэ и щхьэхуитныгъэмрэ и Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэмрэ щIитауэ... 10-м щыщу 9-р хэкIуэдащ е зэи и лъахэм Iумыплъэжыну я щIыпIэр ябгынэн хуей хъущ... Нобэ адыгэм и нэхъыбапIэр икъухьауэ, хэхэсу къэрал куэдым щопсэу. Зы зэман лъэпкъышхуэу дыщытами, ди къудамэхэм ящыщ е хэкIуэдэжыпащ, е хэкIуэдэжыну шынагъуэ къыщхьэщыгъ...

«Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 150-рэ дэкIа пэтми, адыгэм къытехуа дыркъуэр ноби хэгъуэщэжыпауэ жыпIэ хъунукъым...». Адыгэм и Щыгъуэ махуэм ахэрт цIыхум зэпадзыжьыр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтхэр **ЕЛЪКЪАН Артур** *трихащ.*



Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къабардей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщlанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленинным и уэрам, 33.

Номерыр „Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 4.687
Заказ №986